VII ។ ១ ១ ១



GLOEILICHT RUTE

f 25.—

LAMPENMAGAZIJN JOSEPH RUTE

PASAR BESAR 32, — SOERABAJA.

(KORRENGZAL WOOD'S)

(PEPERMUNT CURE WOODS')

ᠬᠣᠶᠠᠷᠳᠤᠭᠠᠷ ᠣᠨᠤ: 96 ᠳᠤᠭᠠᠷ ᠬᠡᠪᠯᠡᠯ ᠬᠣᠭᠣᠷᠤᠨᠳᠤ 30 ᠳᠤᠭᠠᠷᠳᠤᠬᠠᠷ ᠬᠣᠨᠣᠭ 1932 ᠣᠨᠳᠤ VII ᠳᠤᠭᠠᠷ

ᠬᠣᠶᠠᠷᠳᠤᠭᠠᠷ ᠬᠡᠪᠯᠡᠯ

ᠣᠨᠳᠤᠷᠠᠬᠤᠨᠤᠭᠤ

P. K. 585.

ཁ་ཕྱེ་ཡོད།

ཁ་ཕྱེ་ཡོད། ཁ་ཕྱེ་ཡོད། ཁ་ཕྱེ་ཡོད།

ཁ་ཤས་ཀྱི་ཆ་ཤས

«ཤེས་ཕྱིན་ཕ་རོལ་ཏུ་ཕྱིན་པ» 95

ཁ་ཤས་ཀྱི་ཆ་ཤས

ཀ

ཁ

ག

ང

ཚ

ཆ

ཛ

ཉ

ཏ

ཐ

ད

ན

པ

ཕ

ཨ

ཡ

ཤ

ས

ཧ

ཨ

Un ricevitore per ciechi

Prof. Picard

16.000

Prof. William Bebee

$1^1/_2$

Prof. William Bebee

Atlantik

Prof. William Bebee

New York

H.

II.

B.M.

[illegible]

[illegible]: [illegible] P.P.P.K.I. [illegible] P.P.P.K.I. [illegible]

[illegible]: [illegible] P.P.P.K.I. [illegible] 18 [illegible] 7 [illegible]

[illegible]: [illegible] P.P.P.K.I. [illegible]

[illegible]: [illegible] P.P.P.K.I. [illegible] ..... [illegible]

[illegible]: [illegible] [illegible] ..... [illegible] ..... [illegible] ..... [illegible] ..... [illegible]

[illegible]: [illegible] [illegible] ..... [illegible]

KABAR WARNI-WARNI

PEṬIKAN SAKING SERAT-SERAT KABAR SANÈS.

TANAH NGRIKI.

Radja Karangasem manggih kasangsaran. Radja Karangasem, Bali, ingkang noedjoe ḍateng tanah Djawi, wangsoelipoen saking Soerakarta ladjeng ḍateng Soerabaja, nalika lampahing auto wonten antawising Malang kalijan Soerabaja, autonipoen noemboek grobag. Radja Karangasem nanḍang tatoe sakeḍik kénging petjahan katja, panḍèrèkipoen oegi wonten ingkang ketaton. Sasampoenipoen dipoen bebet, ladjeng kondoer ḍateng Bali.

Ḍatenging soesah poenika sok tanpa antan-antan, nanging sanadyan bingah oegi makaten.

Pangarsa H. B. Moehammadijah. Toewan Hadji Hisjam, moeḍa pangarsa H. B. Moehammadijah sapoenika, kaangkat dados pangarsa.

Wiloedjeng

Pitoeloengan toemrap golongan anggoeran. Kawartosaken, Directeur Justitie kaparengaken déning Paréntah nganggé arta f 1397.18 kanggé ambijantoe Eerste auto-technische cursus, toemrap para anggoeran néneman ing Soerabaja.

Rerigen pitoeloengan toemrap golongan anggoeran, kénging dipoen wastani boten ngoetjiwani, nanging sarèhning kawontenanipoen ingkang dipoen toeloengi tansah goemaroedoeg tanpa kenḍat, katingalipoen taksih kirang kémawon. Nanging inggih sampoen nama lowoeng.

Éwah-éwahan asistèn-residèn Billiton. Kawrat tatanan énggal, ing Billiton boten dipoen dèkèki asistèn-residèn mandiri, saladjengipoen baḍé kalebet laladan paresidenan Bangka.

Poenika satoenggiling pangiridan laladan. Tamtoenipoen toemrap sanès panggénan oegi baḍé wonten tindak kados makaten.

Djoeragan auto ambroek. Djoeragan auto ing Tjirebon ingkang misoewoer, késah nilar samboetan f 15.000 djalaran kapitoenan.

Tijang among dagang poenika bebasanipoen kedah mawi toh pati, manawi begdja, saged anderbala, manawi apes, inggih sangsara, nanging aḍakanipoen awis ingkang poeroen ḍaḍag, manawi ḍawah apes, ladjeng ngontjati. Dados menggahing nalar, tijang poenika namoeng nedya pados sakétja ṭok.

Bank énggal. Wonten pawartos, béndjing tanggal 1 Januari 1933 ing Ngajogja baḍé wonten bank énggal, saking ada-adanipoen golongan Kristen tijang siti, apawitan f 200.000 sarana njadé aandeel regi f 10.—

Kasembadaning sedya poenika pantes pinoedji. Déné kasembadanipoen waoe boten sanès namoeng toewoeh saking karoekoenan.

Demo toewin atax boten angsal papan. Demo toewin atax ingkang mlebet ḍateng kiṭa Klaṭèn sami boten padjeng, amargi kedoewa saking karoekoenanipoen para koesir, wekasan demo toewin atax sami angontjati.

Wohing karoekoenan poenika manawi kaleresan sok anggoemoenaken.

Djiwa bangsa Siam ing Bandoeng. Pangéran Paribatra saking Siam, kanṭi poetri 5 toewin abdi 9 sami tetep manggèn ing Bandoeng.

Katingalipoen sang Pangéran ing sapoenika sampoen tentrem ing panggalih.

Kasangsaran ing redi Merbaboe. Ing poetjak redi Merbaboe pinanggih wonten majit tijang djaler taksih anèm anjanḍing boekoeboekoe. Sareng dipoen titi, ingkang ngadjal waoe sawenèhing moerid N. I. A. S. ing Soerabaja, nama Djakawidaja, asli saking Soerakarta. Anggènipoen minggah ḍateng redi poenika pantjèn sampoen dados karemenanipoen, saben kala mangsa liboeran ladjeng minggah ḍateng redi, malah sadèrèngipoen sampoen naté miggah ḍateng redi Keloet. Déné anggèning tiwas waoe dèrèng kasoemerepan sababipoen.

Kasenengan minggah redi makaten poenika, pantjèn boten kénging dipoen paiben, awit satoenggal-satoenggaling tijang poenika gaḍah kasenengan pijambak-pijambak. Malah toemraping Éropa, kalebet dipoen wigatosaken. Déné wontenipoen tiwas, poenika nama manggih sangkala.

Koeli ḍateng Deli padjeng malih. Kawartosaken, kantor koeli ingkang nama Adek, tampi palilah kapareng ngedegaken papan pados koeli wonten Ngaglik, Koetaardja, kanṭi kontrak.

Mirid kawontenan kados makaten poenika, nanḍakaken bilih sampoen wonten sreming-sremingipoen, ing tanah Sabrang baḍé wonten padamelan. Inggih ateges mlèsèdipoen baḍé soemisih. Éwadéné pinanggihipoen ing raos, sadjak taksih njamoet-njamoet.

Séwan siti saja mlorot. Pasitèn No. 1 ing Koelon Praga, ingkang roemijin séwanipoen f 40.— sapoenika namoeng f 25.— saladjengipoen manoet oenḍa-oesoeking pasitèn. Sabin No. 3 — 4 kaanggé sami.

Manḍaping séwan siti nama dèrèng sapintena, awit nama taksih wonten ingkang njéwa, tinimbang boten. Saja malih toemrap ingkang sampoen woedjoed pamedal, poenika boten trimah mlorod, malah sok boten padjeng. Saja memelas.

Landgerecht ing Semarang. Wiwit Januari doemoegi September kapengker, wontenipoen prakawis ingkang kapriksa Landgerecht ing Semarang wonten 11.500 langkoeng, kinten-kinten doemoegining toetoep taoen saged 14.000. Ing taoen 1931 namoeng 10.000 prakawis.

Sareng madjeng, djeboel madjenging prakawis, nanging nama madjeng oegi.

Parepatan pasar malem. Ing salebetipoen woelan December baḍé wonten parepatan ing bab rembag pasar malem satanah Djawi, baḍé ngoedi moerih tatanipoen saged sami. Ingkang dados pangadjeng comité Pasar Gambir.

Wah, baḍénipoen sawarnining pasar malem temtoe boten ngoetjiwani, déning tatanipoen sarwa baḍé sami. Soekoer manawi djamanipoen saged ladjeng notjogi.

Krakatau angot. Dr. Neuman mratélakaken, Krakatau angot malih. Inggiling bleḍosanipoen ngantos wonten ingkang 1000 m. leting pambaleḍos namoeng 2—3 menit. Ing sisih wétan kawahipoen lami katingal kados témbok moebeng. Poelonipoen katingal minḍak inggil.

É, déné boten sampoen-sampoen.

Sinatrija Tjirebon woengoe. Djalaran saking kamadjenganing djaman, para satrija kasoeltanan Tjirebon sami ngedegaken coöperatie, preloe kanggé ngijataken kekijatan ingkang sampoen pangawak ringkih. Bab poenika dipoen bijantoe déning Mr. Gatot toewin toewan Otto Soebrata.

Ébahing ḍarah Tjirebon ingkang katembèn poenika moegi widadoa.

Pedjah djalaran plemboengan karèt. Anakipoen bangsa Tionghoa ing Madjalengka, pedjah djalaran gorokanipoen kalebetan plen-

ḍoengan karèt. Plenḍoengan sareng mlebet, laré boten saged ambegan. Sagedipoen medal sareng laré sampoen pedjah, saking rékadajanipoen dokter.

Poenika kénging kanggé pènget para ingkang kagoengan poetra alit.

Poelas Djepan. Ing sapoenika Djepan sampoen njadéni poelas baṭik, reginipoen kaot 10 pCt. tinimbang reginipoen poelas wedalan Djerman.

Sapoenika kantoen naros pilih poendi. Nanging menggahing aḍakanipoen, kabekta saking djaman, tijang migatosaken ing bab mirah.

Reregèn djagoeng mlorot. Reregèn djagoeng ing Pasoeroehan 100 geboeng namoeng f 2.50, roemijin f 4.— Nanging djalaran tetijangipoen kepeksa moedjoedaken arta ingkang boten kénging dipoen pasoki djagoeng, inggih kepeksa njadé kanṭi reregèn samanten.

Samanten awising arta ing djaman sapoenika, mila preloe nglempakaken arta.

Séda ing Ngajogja. Kawartosaken, Goesti Kangdjeng Ratoe Madoeretna, saḍérék dalem Ingkang Sinoehoen ing Ngajogja, séda, djalaran gerah sampoen joeswa. Lajon kasarèkaken ḍateng Girilaja, mawi lampah ageng.

Séda dalem Goesti Kangdjeng Ratoe Madoeretna poenika, ing karaton Ngajogja nama kétjalan sesepoeh. Moegi ingkang sampoen séda rohipoen tinampia wonten pangajoenaning Pangéran.

Ketjepeng boten kanjana. Poelisi ing Betawi nalika pados katrangan bab prakawis krojok pinten-pinten panggénan, boten andjarag njepeng tijang ingkang kadakwa prakawis oera-oeroe kominis kala taoen 1926. Prakawisipoen saweg kapriksa.

Tijang manawi saweg ḍawah apes.

Pès ing Tjiamis. Ing Tjiamis kasoemerepan wonten tijang katradjang sesakit pès. Salaminipoen ingrikoe saweg wonten sesakit pès sapisan poenika. Ingkang wadjib ladjeng nindakaken rerigen kalajan kentjeng.

Sami-sami sesakit, pès poenika panempoehipoen adamel kagèt, lan njatanipoen pantjèn inggih moetawatosi. Mila sawarnining rerigen moegi sageda kasembadan tanpa pambengan.

Prakawis ing kaboedidajan. Poelisi kaboedidajan ing laladan Ngajogja ing salebetipoen 10 woelan gaḍah seregan 20.000 prakawis. Tinimbang taoen kapengker minḍak 500.

Kawontenaning kaboedidajan ing Ngajogja, limrahipoen taneman teboe, dados sereganipoen inggih bab teboe. Manawi mirid tjatjaḥing prakawis ngantos samanten, kinten-kinten inggih namoeng bangsaning prakawis alit-alit, tijang neḍa teboe sapanoenggilanipoen.

Pandoeng saja madjeng. Kantor Singer ing Malang mentas kepandoengan, doerdjana ngankat brandkast, ladjeng dipoen risak, isinipoen kénging kapenḍet.

Poenika oegi nama satoenggiling kamadjengan.

Pakempalan Islam énggal. Ing Bogor, Soekaboemi toewin Tjiandjoer, wonten pakempalan Islam énggal nama Itichad, sampoen gaḍah warga 25.000, ḍeḍasaripoen angemohi politiek.

Pakempalan poenika manawi taksih énggal, ḍasar kaleresan, andadosipoen énggal sanget, nanging widadanipoen sok awis-awis. Déné pikangsalipoen toemrap tangga tepalih, sok ngalèr-ngidoel.

Rantjangan klas énggal. Wonten pawartos, pakarjan sepoer toewin tram ing tanah Djawi toewin Atjèh baḍé ngéwahi klas, minangka ngaṇḍapaken prabéja. Klas ingkang limrahipoen kanggé tijang siti baḍé kadadosaken klas 4, kénging dipoen enggèni sawarnining bangsa. Toemrap Soematra, klas 2 kadadosaken klas 3.

Sampoen malih kadadosaken klas 4, sanadyan klas pinten kémawon, ing panginten dipoen adjengi. Awit betahing tijang namoeng baḍé irid.

Tanḍa pèngetan. Wonten pawartos, pakempalan ing Bandoeng nama Vooruit andamel satoenggiling tanḍa pèngetan wonten ing redi Tangkoebanperahoe: mèngeti moerid 3 H.B.S. ing taoen kapengker ingkang noedjoe darmawisata woesana pedjah kénging gas ratjoen wonten ingrikoe.

Takeran timbangan lan oekoeran. Kawartosaken, déning IJkkantor ing Betawi, matesi ḍoemateng sinten ingkang anggaḍahi takeran timbangan lan oekoeran ingkang tjapipoen „a" namoeng kakéngingaken kanggé doemoegi 1 December. Déné saladjengipoen kedah nganggé tjap „b".

Moegi sinten ingkang gaḍah pirantos waoe, migatosaken.

ÉROPA.

Harold Lloyd awang-awangen. Toewan Harold Lloyd ingkang misoewoer wonten ing film gambar iḍoep, nalika minggah ing menara Eifel, Paris, adjrih ngladjengaken, amargi awang-awangen. Mriksanana gambar.

NAGARI WLANDI.

Kapal Johan De wit biḍal ḍateng tanah ngriki. Kapal Johan De wit sampoen biḍal saking nagari Walandi ḍateng tanah ngriki, minangka lelintoening kapal P. C. Hooft, ingkang kabesmi.

AFRIKA.

Expeeitie ḍateng Lybea. Expeditie ingkang dipoen pangagengi major Bagnold ḍateng Lybea Kidoel, lampahipoen ngambah saganten weḍi ingkang dèrèng naté kasoemerepan. Ingrikoe manggih kawroeh warni-warni.

ការតស៊ូ ដើម្បីឯករាជ្យ

១៩៥៣

ដោយ ... ...

ដោយ ... ...

ដោយ ... ...

॥ ग्रन्थ सूची ॥

ललितकला प्रकाशन, काठमाण्डौं

॥ संस्कृत ॥	१। सरोजिनी पुष्पाञ्जलि, भाग	f 0.40
॥ संस्कृत ॥	२। सीमन्तोन्नयन संस्कार	„ 0.32
॥ संस्कृत ॥	३। नामकरण, अन्नप्राशन	„ 0.40
॥ संस्कृत ॥	६। विवाहपद्धति	„ 0.40
॥ संस्कृत ॥	७। पितृयज्ञ पुष्पाञ्जलि	„ 0.40
॥ संस्कृत ॥	८। पितृयज्ञ पुष्पाञ्जलि	„ 0.35
॥ नेपाली ॥	जिह्वासिद्धि	„ 2.27

ललितकला प्रकाशन, काठमाण्डौं

ललितकला प्रकाशन — काठमाण्डौं

f 0.30 पृष्ठ, लगभग 64 विषयमा

"विवाह संस्कार पुष्पाञ्जलि"

"यस पुस्तकमा विवाह संस्कारको मन्त्र, विधि, पूजा, हवन, कन्यादान, सप्तपदी, सिन्दूरदान, आशीर्वाद, विवाह पूजा, विवाह

|| លោកញ៉ូ ក្ស្ទ្ធ លោ

||លោកញ៉ូ ក្ស្ទ្ធ លោ ជាកូនប្រុសច្បងរបស់ព្រះមហាក្សត្ររ
ជាតិ ជាមួយនឹងការ ... ||

||ជ្ជ ... ||ជ្ជ ...	f 1.00
||ជ្ជ ... ||ជ្ជ ...	„ 0.80
||ជ្ជ ... ||ជ្ជ ...	„ 0.80
||ជ្ជ ... ||ជ្ជ ...	„ 0.80
||ជ្ជ ... ||ជ្ជ ...	„ 0.80

||ជ្ជ ... — ||ជ្ជ ... ||

||ជ្ជ ... ||ជ្ជ ... ||

||ជ្ជ ... f 0.30 = f 0.90

||ជ្ជ ... ||ជ្ជ ...

||ជ្ជ ... ||ជ្ជ ... ||

||ជ្ជ ... ||ជ្ជ ... ||

||ជ្ជ ...	f 0.80
||ជ្ជ ...	„ 1.—
||ជ្ជ ...	„ 1.25
||ជ្ជ ...	„ 1.—

||ជ្ជ ... ||ជ្ជ ... ||